



Enfòmasyon

Independence For The Visually Impaired. Our Focus Everyday!

Office:

650 N. Andrews Ave
Fort Lauderdale, FL 33311
Tel: (954) 463-4217
Fax: (954) 764-3825
Email: vision@lhob.org
Web: www.LHOB.org

Accreditation:

Accredited member of the National Accreditation Council for Blind and Low Vision Services.



Major Sponsors:

Sponsorize an pati pa:

The Florida Department of Education, Division of Blind Services and the State of Florida.

United Way of Broward County



Deskripsyon: Se sèl òganizasyon prive ki pap travay pou fè pwofi an dedan konte Broward-la ki bay sèvis gratis nan reyabilitasyon, konsèy ak sèvis edikasyon pou timoun ak granmoun ki avèg e ki malwayan. Ajans-lan sèvi plis pase 2700 moun ki gen pwoblèm vizyon chak ane.

Misyon: Pèmèt timoun ak granmoun ki avèg oswa ki malwayan vin pi endepandan pi pwodiktif pou yo ka viv pi byen.

Istwa: Lighthouse of Broward te louvri nan lane 1973 e li rekonèt pa Akreditasyon Konsey Nasyonal pou Ajans kap Sèvi Moun ki Avèg e ki malwayan. Li se yon ajans kap travay avèk United Way e li se yon manm Asosyasyon Ajans nan Florid kap sèvi avèg.

Statistik Kominite-a: Broward County pami konte ki gen plis moun ak pwoblèm vizyèl nan tout peyi a. Plis pase 125000 moun ki avèg e ki malwayan ap viv nan kominote-a.

Pwogram ak Sèvis:

- **Aktivite Chak Jou "Vital Living":** Klas kap montre kijan pou moun vin endepandan, jan pou mache san danje, adaptasyon ak lavi'w lè ou vin avèg ak kijan pou ou sèvi ak òdinatè, entènèt ak divès lòt teknoloji pòtab kap ede'w ekri enfòmasyon. Nou ofri sèvis sa yo nan Lighthouse-la, oswa lakay ou si ou paka deplase.
- **Solisyon pou Travay "Working Solutions":** Klas kap ede'w konnen konpetans ou avèk bi'w nan lavi, ekri rezime, ranpli aplikasyon pou djòb, konnen kijan pou ou fè entèvyou, kijan pou bay plis pèfomans nan travay ou, kijan pou òganize tan'w, kouman pou konpote'w ak moun nan travay ou. Klas sa-a ap montre'w kouman pou ka jwen djòb san twòp traka. Nou ofri klas sa yo nan Lighthouse la.
- **Pwogram pou Ti Bebe ak Timoun Piti "Bright Beginnings":** Yon pwogram devlopman ak sipò pou paran ak timoun ki gen 0-5 lane.
- **Pwogram David ak Jean Colker Pou Timoun "The David and Jean Colker KIDS Program":** Pi fò nan pwogram nan se yon kan dete, men li ofri plizyè aktivite pandan tout ane-a pou timoun ki gen 6-13 lane.
- **Pwogram Tinedjè pou Adolèsan ki Gen Plis Pase 13 Lane "Teen Life":** Yon pwogram pou jèn moun ki gen 14-21 lane ki konsantre sou planifikasyon lè ou fin gradye high school. Aktivite ki pou ede'w chèche yon metye, preparasyon pou travay, eksperyans travay, ak preparasyon pou kolèj.
- **Klinik pou Moun Ki Gen Pwoblèm Vizyon "Low Vision Clinic":** Ajans lan gen yon klinik pou malwayan. Klinik sa-a travay an kolaborasyon avèk lekòl Kolèj Optometri Nova Southeastern lan.
- **Sant Florid pou Lektik ak Vizyon "Florida Reading and Vision Center":** Yon magazen ki vann plizyè aparèy pou ede moun ki gen pwoblèm vizyon.